



Republik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



AVI REKRITMAN POU NOUVO AKADEMISYEN

Me 2021

Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) se yon Enstitisyon leta endepandan. Misyon li se travay pou devlopman lang kreyòl nan sosyete a epi fòmalize ekriti lang kreyòl ayisyen an.

AKA fè tout popilasyon an konnen, li louvri rejis enskripsyon li pou kandida Akademisyen.

Selon Atik 20 Lwa kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen an, yon moun ki vle vin Akademisyen, dwe :

- ❖ Ayisyen, fanm kou gason.
- ❖ Gen 40 lane pou pi piti ;
- ❖ Ap jwi dwa sivil ak dwa politik li ;
- ❖ Yon moun ki travay pou pwomosyon lang kreyòl, ki fè rechèch sou lang kreyòl osnon ki pwodui nan lang kreyòl ;
- ❖ Gen disponiblite pou li patisipe nan rankont ak nan misyon Akademi an.
- ❖ Gen yon enstitisyon ki enplike nan travay sou lang kreyòl ki pou andose kandidati li.

Pou kandida a jwenn plis enfòmasyon sou misyon AKA ak sou wòl Akademisyen yo, li kapab vizite sit Akademi an <http://www.akademikreyol.net> kote li ap jwenn *Gid rekritman Akademisyen, Fòmilè enskripsyon Akademisyen, Lis pyès pou li depoze*. Pou plis detay , telefòn : 3333-0815 / 3333-0816.

Kandida a ap depoze yon dosye konplè: batistè, pyès idantite, kourikoulòm, kopi diplòm, sètifika, atestasyon, lèt motivasyon, lèt rekòmandasyon, fòmilè enskripsyon, 2 foto ak lis pwodiksyon li fè nan lang kreyòl, nan adrès pwovizwa AKA ki nan Ri Babyòl # 31, lokal Fany Villa an fas Lekòl Sen Jan Evanjelis - ak nan imel AKA enfomasyon@akademikreyol.net

AKA ankouraje fanm yo poze kandidati yo. Selon prensip pou vin gen parite, AKA ap rekrute plis fanm pase gason.

Dat limit pou kandida yo depoze dosye yo : Lendi 28 jen 2021 anvan 3:00.